



BIWO ETA NEW YORK POU ASITANS TANPORÈ AK ANDIKAPE

**FASON POU RANPLI APLIKASYON/RE-SÈTIFIKASYON PWOGRAM ASISTANS NITRISYON SIPLEMANTÈ (SUPPLEMENTAL NUTRITION ASSISTANCE PROGRAM, SNAP) EPI DWA AK RESPONSABLITE APLIKAN/BENEFISYÈ POU SNAP**

**Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP) LDSS-4826 la**



*Ou kapab itilize aplikasyon/resètifikasyon an SÈLMAN pou aplike oswa resètifye pou SNAP*

Si ou se yon moun ki avèg oubyen ki gen pwoblèm vizyèl grav epi ou bezwen yon aplikasyon oswa enstwiksyon sa yo nan yon fòm altènatif, ou kapab mande yo nan distrik sèvis sosyal ou an (social services district, SSD). Fòm altènatif nou pral di la yo disponib:

- Enprime an fèy laj;
- Fòm done (yon dokiman elektwonik ki aksesib a ekran lektè yo);
- Fòm odyo (yon transkripsyon odyo pou enstwiksyon oswa kesyon sou aplikasyon yo); ak
- Fòm pou Moun Avèg, si ou panse ke okenn nan lòt fòm altènatif yo pa pral efektif egalman pou ou.

Aplikasyon ak enstwiksyon yo disponib tou pou telechaje yo an fèy laj ki enprime, fòm done oswa fòm odyo nan [www.otda.ny.gov](http://www.otda.ny.gov). Tanpri remake ke aplikasyon yo disponib nan fòm odyo ak Fòm pou Moun Avèg sèlman pou objektif enfòmatif. Pou ou kapab aplike, ou dwe soumèt yon aplikasyon pa mwayen ekri, pa nan fòm altènatif.

Si ou gen nenpòt andikap ki anpeche ou ranpli fòmilè sa a ak/oswa si w'ap tann pou fè antrevi, tanpri fè SSD ou an konnen sa. SSD an pral fè tout jefò li pou bay yon akomodasyon ki rezonab pou abòde nesesite ou yo.

Si ou bezwen yon lòt akomodasyon, oubyen ou bezwen lòt asistans pou ranpli aplikasyon sa, tanpri kontakte SSD ou an. Nou angaje nan asiste epi sipòte ou nan yon fason pwofesyonèl epi respektive.



# BIWO ETA NEW YORK POU ASITANS TANPORÈ AK ANDIKAPE FASON POU RANPLI APLIKASYON/RE-SÈTIFIKASYON PWOGRAM ASISTANS NITRISYON SIPLEMANTÈ (SUPPLEMENTAL NUTRITION ASSISTANCE PROGRAM, SNAP) EPI DWA AK RESPONSABLITE APLIKAN/BENEFISYÈ POU SNAP (LDSS-4826)



*Ou kapab itilize aplikasyon/resètifikasyon LDSS-4826 la SÈLMAN pou aplike oswa resètifye pou SNAP*

Si w ap aplike sèlman oswa resèfw pou SNAP, ou kapab itilize aplikasyon LDSS-4826 la. Si ou ta renmen aplike pou lòt avantaj tankou Asistans pou yon ti Tan, Asistans pou Gadri, Asistans pou Enèji nan Kay oswa Medicaid, tanpri mande yon aplikasyon ki diferan.

## Lè W ap Aplike pou SNAP

- Ou kapab ranpli yon aplikasyon menm jou ou resewva li. Nou dwe aksepte aplikasyon w lan si pou piti, li gen non ou, adrès ou (si ou gen youn), ak yon siyati. Enfòmasyon sa yo pral detèmine dat anrejistreman aplikasyon w lan.
- Ou dwe ranpli pwosesis aplikasyon an, enkli pou gen yon entèvyou epi siyen deklarasyon sètifikasyon an nan paj 8 aplikasyon/resètifikasyon an pou yo ka detèmine kalifikasyon w. Si ou kalifye, nou pral bay ou avantaj yo apati dat ou te depoze aplikasyon w lan.
- Ou kapab aplike pou jwenn SNAP pou moun nan fanmi ou yo ki kalifye, menm si ou menm oswa kèk lòt moun nan fanmi ou pa kalifye pou avantaj yo akòz sityasyon imigrasyon yo. Pa egzanp, paran etranje ki pa kalifye yo ka aplike pou SNAP pou pitit yo epi resewva avantaj yo pou pitit yo ki kalifye.
- Ou kapab toujou aplike epi kalifye pou SNAP menm si ou te rive nan limit tan Asistans Pwovizwa ou.

## Èske Ou Bezwen Avantaj SNAP Touswit? Ou Ka Kalifye pou Nou Travay rapid sou Aplikasyon SNAP ou.

Si fwaye ou a gen yon ti revni oswa lajan kach oswa si li pa genyen ditou, **oswa** si depans pou lwaye oswa pou sèvis piblik ou pi plis pase revni ou ak lajan kach ou yo, **oswa** si ou se yon imigran oswa yon travayè agrikòl sezonye ki gen yon ti revni oswa ki pa gen revni ditou oswa resous lè ou aplike a, ou ka kalifye pou resewva SNAP nan 7 jou ki vini apre dat ou te aplike a. Lè yon rezidan nan yon enstitisyon ap aplike ansanm pou SSI ak SNAP anvan li kite enstitisyon an, dat depo ki anrejistre pou aplikasyon an se dat moun ki aplike a kite enstitisyon an.

## Kote Ou Kapab Aplike Pou SNAP

Si w'ap viv **deyò** Vil New York, ou kapab aplike sou entènèt sou sit [myBenefits.ny.gov](http://myBenefits.ny.gov), oswa ou kapab rele oswa ale nan distrik sèvis sosyal ki nan konte kote w'ap viv la pou mande yon pake aplikasyon, ke nou ka voye pa lapòs oswa depoze nan biwo ki apwopriye a. Ou kapab jwenn adrès ak nimewo telefòn distri sèvis sosyal nan konte w la depi ou rele gratis nan nimewo **1-800-342-3009**.

Si w ap viv nan **Vil New York** epi ou **pa** aplike pou Asistans Pwovizwa, ou kapab aplike sou entènèt nan <http://www.nyc.gov/hra>, oswa rele oswa ale nan Biwo SNAP pou mande yon pake aplikasyon. Ou kapab jwenn adrès ak nimewo telefòn lan depi ou rele **1-718-557-1399** oswa depi ou rele gratis nan nimewo **1-800-342-3009**.

## Entèvyou SNAP yo

Anjeneral, entèvyou SNAP yo fèt nan telefòn. Si w prefere yon entèvyou nan biwo a, ou dwe mande youn nan distri sèvis sosyal ou a.

## Lè W ap Resètifye pou SNAP

- Ou dwe soumèt aplikasyon pou resètifikasyon ki siyen anvan entèvyou a.
- Si w rate entèvyou w la, se responsablite w pou w kontakte distri sèvis sosyal la pou w pran yon lòt randevou pou entèvyou a epi pou w evite yo fèmen dosye w la.

## EKSPLIKASYON SOU FASON POU RANPLI APLIKASYON/RE-SÈTIFIKASYON SNAP LA

Asire ke ou ranpli chak seksyon lè ou ekri anlèt detache aklè avèk yon plim ble oswa nwa.

**PA** ekri an lèt detache nan zòn ki onbre yo.

Si w ap aplike kòm reprezantan yon moun, tanpri ekri enfòmasyon yo sou moun nan an lèt detache, ap sou tèt ou.

**FÒMA ALTÈNATIF YO:** Fè kwa nan “WI” oswa “NON” pou endike si ou se yon moun ki avèg oubyen ki gen pwoblèm vizyèl grav, epi ou ta renmen resevwa notifikasyon pa mwayen ekri yo nan yon fòma altènatif. Si se “WI”, fè kwa nan tip fòma ke ou ta renmen an. Fòma altènatif yo disponib nan fèy laj ki enprime, done CD, odyo CD, oswa Fòma pou Moun Avèg, si ou panse ke okenn nan lòt fòma altènatif yo pa pral efektif egalman pou ou. Si ou bezwen yon lòt akomodasyon, oubyen ou bezwen lòt asistans pou ranpli aplikasyon sa, tanpri kontakte SSD ou an.

### **SEKSYON 1: ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A**

**NON: EKRI** non legal ou, ansanm avèk prenon ou, dezyèm prenon ou, ak non fanmi ou an lèt detache.

**NIMEWO TELEFÒN: EKRI** nimewo telefòn kay ou an lèt detache.

**LÒT TELEFÒN: EKRI** yon lòt nimewo telefòn kote nou kapab kontakte ou, si ou gen youn.

**ADRÈS REZIDANS: EKRI** nimewo kay la, avni, wout, an lèt detache, kote w ap viv kounye a. EKRI vil kote w ap viv la an lèt detache. EKRI kòd postal ou an lèt detache.

**ADRÈS POSTAL: EKRI** adrès postal ou an lèt detache si li diferan de adrès kay ou.

**LÒT NON: EKRI** nenpòt non jèn fi, non nan yon maryaj anvan, oswa lòt non nenpòt moun ki nan lis la te genyen oswa ap itilize kounye a.

Tcheke (✓) si w ap aplike oswa re-sètifye pou SNAP.

Tcheke (✓) si ou vle resevwa avi yo nan lang Panyòl **ak** Angle oswa nan lang Angle sèlman.

**SEKSYON 2:** Siyen non ou epi mete dat la, epi bay adrès ou (si ou gen yonn) **SÈLMAN** si ou vle soumèt aplikasyon ou san ou pa konplete pwochèn paj la pou kounye a pou etabli dat ou te ranpli aplikasyon w lan. Ou dwe ranpli aplikasyon an, ki enkli entèvyou a epi siyen li nan paj 8 pou nou kapab detèmine si ou kalifye.

### **SEKSYON 3: ENFÒMASYON SOU MOUN NAN KAY LA:**

**BAY LIS NON TOUT MOUN K AP VIV AVÈK OU, MENMSI YO PA APLIKE AVÈK OU.**

**EKRI** prenon ak non ou. Answit **EKRI** non lòt moun k ap viv avèk ou an lèt detache:

**EKRI** Nimewo Sekirite Sosyal (si moun nan pa gen yon SSN, antre “okenn”), dat nesans, eta sivil ak si se fanm oswa gason pou chak moun ki aplike.

Tcheke (✓) Wi oswa Non pou fè nou konnen kimoun ki aplike.

Pou **chak** moun ki nan kay la, EKRI kisa yo ye pou ou an lèt detache (pa egzanp: madanm, pitit gason, zanmi, elatriye).

Fè Kwa nan (✓) Wi oswa Non si moun sa achte ak/oswa prepare manje avèk ou.

Tcheke (✓) Wi oswa Non pou endike si moun ki aplike a se Ispanik oswa Latino-Ameriken.

Antre Y (Wi) oswa N (Non) pou chak ras \*.

Kòd Ras /Etnisite: **I** – Ameriken Natifnatal oswa Moun ki Fèt nan Alaska, **A** – Azyatik, **B** – Moun Nwa oswa Ameriken Nwa, **P** – Moun ki Fèt nan Hawaii oswa nan Zile Pasifik,

**W** – Moun Blan

Pwovizyon enfòmasyon sa volontè. Sa pap afekte kalifikasyon moun yo kap fè demann nan oswa nivo avantaj y ap resevwa. Rezon enfòmasyon sa yo se pou asire avantaj pwogram lan distribye san gade sou ras, koulè oswa peyi orijin.

**SEKSYON 4:** Reponn tout kesyon ki nan seksyon 4 la. Asire ou ke ou bay non moun yo ki pa sitwayen Ameriken.

**SEKSYON 5: REVNI:** Bay lis tout revni ak revni nenpòt moun k ap viv lakay ou. EKRI non moun k ap resevwa revni an, sous revni an, ak fason li resevwa revni an lèt detache. Revni a ka gen ladan: Revni an kapab gen ladan: Djòb regilye (salè), revni anvan grèv, fòmasyon nan djòb la, rezèv militè, lagad nasyonal, etid pou travay, pansyon alimantè, sipò timoun, asistans pou edikasyon (sibvansyon, bousdetid, elatriye), zanmi oswa manm fanmi (ki pa lajan ou prete) asistans pwovizwa, pansyon oswa retrèt, Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI), avantaj Sekirite Sosyal, avantaj veteran, avantaj chomaj, konpansasyon travayè, gadri, chofè taksi, netwayaj kay oswa lòt bilding, travay nan agrikilti/ranch, revni yon lokatè chanm peye ou, revni yon pansyonè peye ou, oswa boza ak travay atizanal.

**REMAKE:** Peman Swen nan Mezon Plasman ak SNAP – Ou ka chwazi pou mete gadri oswa adiit nan kay k ap resevwa SNAP. Si ou fè sa, nenpòt peman ki asosye pou mezon plasman ap konte kòm revni. Tout lòt revni oswa resous timoun ki nan mezon plasman timoun ap konte tou. Si ou gen nenpòt kesyon sou sa, asire ou mande travayè sosyal ou.

Asire ou reponn tout kesyon ki nan seksyon 5 lan.

**SEKSYON 6: RESOUS:** Resous yo pa afekte kalifikasyon pifò moun nan kay la ki aplike pou SNAP. Men, nou itilize kèk enfòmasyon sou resous la pou detèmine si ou kalifye pou nou travay rapid sou aplikasyon ou.

Reponn tout kesyon ki nan Seksyon 6 la pou tèt ou ak pou tout moun ki aplike pou SNAP. Bay lis kantite lajan (\$) oswa valè ak non moun ki gen resous la. **Asire ou ke ou mansyone nenpòt sa ou genyen an komen avèk moun ki pa nan fwaye a.** Resous yo ka gen ladan nenpòt nan sa ki anba la a: lajan kach nan men, lajan kach lòt moun genyen, kont kouran oswa kont epay, bon kès, kont retrèt endividyèl, plan pansyon, kont devlopman endividyèl, aksyon/obligasyon, fon komen plasman, fon kredi, sètifika mache monetè, bilding, teren, pwopriyete lokasyon, pwopriyete vakans oswa lwazi, oswa kay ki diferan avèk lakay ou.

**SEKSYON 7: EDIKASYON/FÒMASYON AK LANG:** Antre non chak moun k ap aplike nan kay la ki gen laj 16 zan oswa plis, enkli ou menm. Pou chak moun, mete yon “X” nan kare ki nan seksyon “Pi wo Nivo Edikasyon”, lè ou sèvi avèk kòd edikasyon ak fòmasyon ke yo montre nan Aplikasyon SNAP (LDSS-4826) la. Tcheke yon sèl bwat pou chak moun. Si ou antre yon “X” nan kolòn “0” pou yon moun, (ki endike ke li pa gen yon diplòm lekòl segondè oswa yon diplòm ekivalans ak lekòl segondè), antre pi wo nivo lekòl yo te konplete nan kare “Pi gwo Nivo lekòl Konplete” a. Kite kare “Pi gwo Nivo lekòl Konplete” a vid si ou pa tcheke kolòn “0” a pou yon moun ki nan lekòl segondè oswa k ap genyen yon diplòm ekivalans nan lekòl segondè. Tanpri idantifye lang prensipal yo pale pou chak moun nan fwaye SNAP la ki gen 16 zan oswa plis. Lang prensipal moun lan se lang ke moun lan pale pi souvan.

**REMAKE:** Pwovizyon enfòmasyon konsènan pi wo nivo edikasyon, pi wo nivo lekòl ak lang prensipal yo pale pa obligatwa. Sa pap afekte kalifikasyon moun yo kap fè demann nan oswa nivo avantaj y ap resevwa. Yo mande enfòmasyon sa se pou reponn a egzijans rapò federal yo.

### **SEKSYON 8: ARANJMAN POU VIV AK DEPANS:**

EKRI kantite lajan ou peye pou lwaye, prè ipotekè, chanm ak repa oswa lòt lojman an lèt detache. Bay kantite lajan (\$) ou peye pou taks kay ak asirans kay.

Si ou peye pou chofaj ou separeman, fè kwa nan (✓) ki tip chofaj ke ou genyen, epi mete non konpayi chofaj la ak nimewo kont ou an.

Epitou, endike si:

- ou peye pou lòt sèvis piblik apa nan lwaye/prè ipotekè ou, si ou gen depans pou lè kondisyon epi si ou genyen, kilès ki peye depans separe a?
- nenpòt moun peye pansyon alimantè ki obligatwa legalman epi nan ka sa, kilès, konbyen, frekans peman yo, ak non timoun lan(yo) pou ki yo ap peye sipò a?
- nenpòt moun ki nan fwaye a ki ap aplike, ki andikape oswa ki gen omwen laj 60 an gen nenpòt bòdwo medikal tankou sèvis enfimri nan kay, dantè, asistans oditif, linèt, chen pou gide avèg oswa animal sèvis, peman asirans sante ak medikal, swen nan lopital oswa enfimiyè, sèvis medikal oswa dantè, medikaman sou preskripsyon oswa transpò medikal?
- nenpòt moun lakay ou ki sou Medicaid, avèk yon depans limit epi si se sa, kimoun ak konbyen lajan?
- nenpòt moun lakay ou ki enskri nan lekòl oswa nan yon pwogram fòmasyon epi nan ka sa, kilès ak ki kote, ak sitiyasyon admisyon an?
- Si ou menm oswa nenpòt moun ki ap viv avèk ou ki gen laj 16 an oswa pi aje ki ap aplike ansent, seleksyone “Wi” epi ekri non ou/li an lèt detache nan espas ke yo bay apre kesyon sa.
- Si ou menm oswa nenpòt moun ki ap viv avèk ou ki gen laj 16 ane oswa pi aje gen nenpòt kondisyon ki anpeche ou/yo travay oswa fè yon tip travay, seleksyone “Wi” epi ekri non ou/yo an lèt detache nan espas ke yo bay apre kesyon sa.

Asire ou reponn tout kesyon ki nan seksyon 8 lan.

**SEKSYON 9: SANKSYON, RESPONSABILITE AK DEKLARASYON LEGAL YO: Li seksyon sa a avèk anpil atansyon oswa fè yon moun li l pou ou.**

**Remake:** Lwa Eta NY bay penalite oswa prizon, oswa toulède, pou yon moun ke yo jwenn koupab ki jwenn SNAP nan kache fè yo oswa pou pa di laverite.

Mwen konprann ke Eta a pral itilize Nimewo Sekirite Sosyal mwen an pou verifye resi bòdwo HEAP mwen an ak founisè enèji lakay mwen an. Otorizasyon sa gen ladan tou pèmision pou nenpòt founisè enèji kay mwen yo (sa enki tou sèvis piblik) divilge kèk enfòmasyon estatistik, ki gen ladan yo men pa sèlman, itilizasyon kouran anyèl, montan depans kouran, konsomasyon kabiran, tip kabiran, depans kabiran mwen fè chak ane, ak istorik pèman mwen bay Biwo Asistans Tanporè ak Andikape, Distrik Sèvis Sosyal Lokal la ak Depatman Sante ak Sèvis Imèn Etazini, nan objektif pou mezire pèfòmans Pwogram Asistans Enèji pou Kay Pou Ti Revni (Low Income Home Energy Assistance Program, LIHEAP).

**NOTIFIKASYON KONT DISKRIMINASYON** – An akò ak lwa sou dwa sivil Federal ak politik ak règleman dwa sivil Depatman Agrikilti Etazini (U.S. Department of Agriculture, USDA) yo, USDA, yo entèdi enstitisyon sa a pou fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, sèks (ki gen ladan idantite seksyèl ak oryantasyon seksyèl), kwayans relijye, andikap, laj, kwayans politik, oswa reprezay oswa vanjans pou aktivite dwa sivil preyalab.

Enfòmasyon sou pwogram lan ka disponib nan lòt lang ki pa Angle. Moun yo ki gen andikap ki bezwen lòt mwayen kominikasyon pou jwenn enfòmasyon sou pwogram lan (egzanp, Bray, gwo enpresyon, kasèt odyo, Lang Siy Ameriken (American Sign Language), elatriye.), ta dwe kontakte Ajans (Eta oswa lokal) kote yo te aplike pou avantaj yo. Moun ki soud, ki mal pou tandè oswa ki gen andikap pou pale yo ka kontakte USDA apati Sèvis Relè Federal la nan (800) 877-8339.

Pou depoze yon plent diskriminasyon pou pwogram nan, yon pleyan dwe ranpli yon Fòm AD-3027, Fòm Plent Diskriminasyon Pwogram USDA ke w ka jwenn sou entènèt nan: <http://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf>, nan nenpòt biwo USDA, lè w rele (833) 620-1071 oswa lè w voye yon lèt bay USDA. Lèt la dwe gen ladan non, adrès, nimewo telefòn pleyan an ak yon deskripsyon alekri sou swadizan aksyon diskriminatwa a avèk ase detay pou enfòmè Sekretè Asistan pou Dwa Sivil (Assistant Secretary for Civil Rights, ASCR) la sou nati ak dat swadizan vyolasyon dwa sivil la. Yo dwe soumèt fòmilè oswa lèt AD-3027 ki ranpli a bay:

- (1) lapòs: Food and Nutrition Service, USDA  
1320 Braddock Place, Room 334  
Alexandria, VA 22314; oswa
- (2) faks: (833) 256-1665 oswa (202) 690-7442; oswa
- (3) lapòs: [FNSCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov](mailto:FNSCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov).

Enstitisyon sa se yon founisè opòtinite egal.

**SEKSYON 10: REPREZANTAN OTORIZE SNAP:** Si ou vle yon moun ki p ap viv nan fwaye ou aplike pou avantaj SNAP oswa jwenn yon kat EBT kay reprezantan otorize pou achte manje pou ou, EKRI an lèt detache non moun nan, adrès li ak nimewo telefòn li, sof si reprezantan ki otorize a te otreman chwazi pa fwaye a alekri.

**SEKSYON 11: SIYATI:** Siyen non ou. Si ou se yon Reprezantan ki Otorize, alafwa ou menm ak yon granmoun responsab manm fwaye a dwe siyen epi mete dat nan seksyon siyati ki nan paj 8 Aplikasyon/Re-Sètifikasyon an.

Lè yon Reprezantan Otorize aplike sou non yon Kay ki gen SNAP epi li p ap viv nan yon enstitisyon, **alafwa** Reprezantan Otorize a ak Chèf Kay la oswa lòt manm adilt responsab ki nan kay la dwe siyen ak date seksyon siyati ki paj 8 Aplikasyon/Re-Sètifikasyon an.

**SEKSYON 12: LÒT ENFÒMASYON:** Itilize seksyon sa a pou fè nou konnen lòt enfòmasyon ou panse nou ka bezwen konnen.

**SEKSYON 13: KONSANTMAN OU ANILE:** Si ou deside ou pa vle aplike pou SNAP ankò, siyen non ou epi antre dat la. Ou ka re-aplike nenpòt lè.

**Remake:** Dènye pati aplikasyon sa a se yon aplikasyon pou enskri pou vote. Si ou ta renmen ede ranpli fòm aplikasyon enskripsyon elektè, mande travayè sosyal ou. Si ou aplike oswa si ou pa vle enskri pou vote, sa p ap afekte kalifikasyon ou oswa kantite lajan asistans ou pral resevwa nan ajans sa a.

N ap antre ak konsève enfòmasyon ki nan aplikasyon ou ak entèvyou nan Sistèm Jesyon Asistans Sosyal (Welfare Management System, WMS), yon sistèm enfòmatis ki tout kote nan eta a. Nou itilize sistèm sa a pou amelyore jesyon Pwogram Sèvis Sosyal yo epi pou anpeche moun fè fwod.

**LI ENFÒMASYON ENPÒTAN KI ANBA LA YO  
DWA AK RESPONSABLITE APLIKAN/BENEFISYÈ POU SNAP**

Lòt enfòmasyon konsènan dwa ak responsablite ou endike nan Liv Enfòmasyon pou Kliyan (LDSS-4148A; LDSS-4148B ak LDSS-4148C). Ou kapab jwenn liv sa yo nan distrik sèvis sosyal zòn ou an, ak sou entènèt.

**OU GEN DWA:**

- Antanke yon Aplikasyon/Benefisyè SNAP, nou dwe fè yon entèvyou avè w san pèdi tan pou nou kapab detèmine si ou kalifye epi pou ba ou avantaj yo nan 30 jou ki vini apre lè ou ranpli aplikasyon an.
- Anjeneral, entèvyou SNAP yo fèt nan telefòn. Si w prefere yon entèvyou nan biwo a, ou dwe mande youn nan distri sèvis sosyal ou a.
- Ou ka vini avèk yon moun nan entèvyou ou pou li entèprete pou ou. Si ou bezwen yon entèprèt, ajans lan ap fè aranjman pou ba ou yonn gratis. Ou pa kapab jwenn refi pou sèvis yo paske ou pa maton nan lang Angle oswa paske ou gen pwoblèm pou tande oswa pou pale. Distri Sèvis Sosyal yo ka itilize sistèm relè TTY/TTD pou jwenn sèvis pou moun ki aplike/benefisyè ki gen pwoblèm pou Tande oswa ki bèbè. Si ou gen nenpòt bezwen espesyal, ou kapab mande pou adaptasyon espesyal nan distri sèvis sosyal ou yo.
- Si ou gen yon andikap, ou gen menm dwa pou jwenn SNAP ak pou fè entèvyou tankou yon moun ki pa gen yon andikap.
- Nan 30 jou apre dat ke ou te soumèt Aplikasyon ou te konplete an ak entèvyou pou SNAP yo, yo dwe di ou si yo apwouve oswa refize aplikasyon ou an. Si ou kalifye pou nou travay rapid sou aplikasyon ou, nou dwe di ou sa nan 7 jou ki vini apre dat ou remèt (ranpli) aplikasyon ou, si ou kalifye pou SNAP ak/oswa enfòmasyon w si nou bezwen dokiman anplis.
- Yo dwe ba ou yon avi alekri pou fè ou konnen si yo apwouve oswa refize aplikasyon SNAP ou an:
  - Si yo apwouve Aplikasyon ou an, notifikasyon sa ap di ou ki kantite avantaj SNAP ou pral resevwa;
  - Si yo refize Aplikasyon ou an, notifikasyon sa ap di w poukisa ak kisa ou dwe fè si ou pa dakò oswa si ou pa konprann desizyon sa a.

**KISA YON ODYANS SAN PATIPRI VLE DI**

Yon Odyans san Patipri se chans ou jwenn pou di yon Jij Lwa Administratif ki nan Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) pou kisa ou panse desizyon yo pran sou dosye ou pa kòrèk. Apre Odyans san Patipri a, Eta a ap pran yon desizyon alekri k ap endike si desizyon distri sèvis sosyal la te kòrèk oswa pa t kòrèk. Desizyon ki alekri a ka mande distrik sèvis sosyal yo pou yo korije dosye ou an.

**LIMIT TAN POU MANDE POU YON ODYANS SAN PATIPRI**

Si ou vle mande pou gen yon Odyans san Patipri pou SNAP, rele **touswit** paske gen limit tan pou fè sa. Si rete tann twò lontan, ou ka pa an mezi pou jwenn yon Odyans Legal. **Si ou resevwa yon notifikasyon konsènan dosye ou** an epi ou vle mande yon Odyans Legal, notifikasyon sa ap fè ou konnen ki kantite tan ou genyen pou mande yon Odyans Legal. **Asire w ke ou li tout sa ki ekri nan notifikasyon an avèk anpil atansyon. Si avi a fè ou konnen gen refi pou avantaj SNAP ou, yo sispann li oswa yo diminye ladan, ou ka mande pou gen yon Odyans san Patipri nan 90 jou ki vini apre dat ki nan avi a. Ou ka mande pou yon Odyans San Patipri si ou panse ou pa resevwa ase avantaj SNAP nenpòt lè pandan peryòd sètifikasyon an.**

## LI ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO ANBA LA A (*Kontinye*)

### **KIJAN POU OU MANDE YON ODYANS SAN PATIPRI**

Si w'ap viv nenpòt kote nan Eta New York, ou ka mande yon Odyans Legal pa telefòn, pa faks, sou entènèt, oswa pa ekri nan adrès ki anba la a.

**Telefòn:** Nimewo Telefòn gratis nan eta a pou fè demann lan se 800-342-3334. Tanpri kenbe notifikasyon an nan men ou, si ou gen yonn, lè w'ap rele a.

**Faks:** voye demann Odyans San Patipri ou nan: 518-473-6735

**Sou Entènèt:** Ranpli yon fòm demann sou Entènèt nan <http://otda.ny.gov/hearings/>

**Alekri:** Si ou te resevwa yon notifikasyon, ranpli espas yo ba ou a, epi voye yon kopi notifikasyon a, **oswa** voye yon lèt nan:

**Fair Hearing Section**

**NYS Office of Temporary and Disability Assistance**

**Fair Hearings**

**P.O. Box 1930**

**Albany, New York 12201-1930** *Tanpri konsève yon kopi nenpòt avi pou ou*

**Prezante san Randevou:** Si w'ap viv nan Vil New York ou ka fè demann lan an pèsòn tou depi ou ale nan **Office of Administrative Hearings, Office of Temporary & Disability Assistance ki nan 14 Boerum Place, Brooklyn, New York**

**IJANS** – Si sitiyou ou grav anpil, Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak pou Asistans pou Moun Andikape ap fikse yon dat pou yon Odyans san Patipri pou ou opli vit ke posibil. Lè ou rele oswa ekri pou mande yon Odyans Legal, asire w ke ou esplike ke sitiyou ou an enpòtan anpil.

**REMAKE:** Pou odyans san patipri pou ijans nan Vil New York sèlman, rele 800-205-0110. Pa itilize nimewo telefòn sa a pou nenpòt bagay, eksepte pou ijans. Yo p'ap resevwa demann ki pa konsène ijans nan nimewo sa a.

**ENTÈPRÈT** – Ou gen dwa pou gen yon entèprèt gratis, si lang Angle se pa lang matènèl ou, oswa si ou gen difikilte pou tande oswa pale.

**KONTINYASYON ÈD** – Si ou resevwa yon avi ki fè ou konnen y ap sispann oswa diminye avantaj ou yo, epi si ou mande pou gen yon Odyans san Patipri anvan **dat ki anvigè** sou avi ou, avantaj SNAP, nan pifò ka yo yap rete manm (“**kontinyasyon èd la**”) jouk lè yo pran yon desizyon sou Odyans san Patipri a. Si ou pa resevwa yon notifikasyon sou dosye ou an, epi yo sispann oswa redwi avantaj ou yo, nan menm lè ke ou mande yon Odyans San Patipri, ou ka mande pou yo retabli avantaj SNAP ou yo (“**kontinyasyon èd la**”) jiskake yo pran desizyon Odyans San Patipri a.

Men toutfw, si ou pa jwenn “**kontinyasyon èd la**” epi si ou pèdi Odyans san Patipri a, w ap gen pou remèt nenpòt avantaj ou te resevwa sou fòm “kontinyasyon èd” pandan w ap tann desizyon Odyans san Patipri a. Si ou **pa** vle avantaj SNAP ke ou t ap resevwa yo rete menm jiskake yo pran desizyon Odyans San Patipri a, ou dwe di sa nan Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak Andikape an lè ou rele oswa ekri pou w mande pou yon Odyans San Patipri.

### **KIJAN POU OU PREPARE POU YON ODYANS SAN PATIPRI**

Biwo Eta New York pou Asistans Tanporè ak Andikape an ap voye yon notifikasyon ba ou, pou fè ou konnen kilè ak ki kote y'ap òganize Odyans Legal lan. Pou ede ou pare pou Odyans Legal la, ou gen dwa pou egzamine rejis dosye ou, epi pou resevwa kopi gratis fòmilè ak papyè ke yo pral bay Jij Lwa Administratif nan Odyans Legal la. Ou kapab resevwa kopi gratis de nenpòt lòt papyè tou ki nan rejis dosye ou yo ke ou panse ou ka bezwen pou Odyans Legal la. An jeneral, ou kapab resevwa papyè sa yo anvan odyans lan, oswa nan odyans lan pou pi ta. Si ou mande nenpòt papyè ki gen rapò ak odyans ou an, epi distrik sèvis sosyal la pa ba ou yo anvan oswa nan odyans lan, ou ta dwe fè Jij Lwa Administratif la konnen sa.

Ou ta dwe vini tou nan Odyans Legal la ak nenpòt temwen ki kapab ede ou, ansanm ak nenpòt enfòmasyon ou genyen tankou: **Souch pèman, Bòdwo, Resi, Kontra Lwaye, deklarasyon Doktè yo**, ki pou ede w eksplike poukisa ou panse desizyon distrik sèvis sosyal la pa kòrèk.

Ou kapab vini avèk yon avoka, yon manm fanmi ou oswa yon zanmi ou nan Odyans Legal la pou ede ou eksplike poukisa ou panse yon desizyon distrik sèvis sosyal la sou dosye ou pa kòrèk. Si ou panse ou bezwen yon avoka pou ede ou nan Odyans san Patipri a, ou ka anmezi pou jwenn yon avoka gratis depi ou rele Sosyete Èd Legal zòn ou oswa Biwo Sèvis Legal. Pou ka jwenn non lòt avoka yo, rele Asosyasyon Bawo nan zòn ou an.

## LI ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO ANBA LA A (*Kontinye*)

Yon moun nan distrik sèvis sosyal la pral ale tou nan Odyans Legal la pou eksplike desizyon distrik sèvis sosyal la te pran sou dosye ou an. Oumenm oswa reprezantan an ap kapab poze moun nan kesyon, epi w ap kapab fè konnen sa ou panse sou dosye a.

Si ou pa kapab ale nan Odyans san Patipri a, ou kapab voye yon lòt moun nan plas ou. Si w ap voye yon moun ki pa yon avoka nan Odyans san Patipri a, ou ta dwe bay moun sa a yon lèt pou remèt Jij Lwa Administratif la. Lèt la ta dwe di Jij la moun sa a vini nan plas ou nan Odyans san Patipri a. Si Jij Lwa Administratif la deside ke prezans ou obligatwa, e temwayaj ou nesèsè, yo ka repwopgrame odyans lan pou yon lòt jou pou ka vini. Y'ap enfòmè ou apati sèvis kourye lapòs sou nouvel dat la.

**REMAKE:** Si ou mande sa, w ap kapab jwenn ranbousman pou lajan ou te peye pou sèvis transpò piblik, pou swen sante timoun, ak pou lòt depans nesèsè pou ale nan odyans san patipri a. Si pa gen sèvis transpò piblik, ou ka an mezi pou jwenn ranbousman lajan ou te oblije peye pou yon lòt tip sèvis transpò. Si ou pa kapab itilize sèvis transpò piblik akòz yon pwoblèm medikal, ou ka an mezi pou jwenn ranbousman lajan ou te dwe peye pou yon lòt tip sèvis transpò. Sepandan, yo ka mande ou pou bay verifikasyon medikal la.

### **POU EGZAMINE DOSYE OU AN AK REJIS SOU ÒDINATÈ YO:**

Depi ou aplike pou SNAP oswa pou lòt èd, nou konsève dosye ak dosye ou ki nan òdinatè sou dosye ou. An jeneral, ou gen dwa pou ekzamine rejis sa yo. Sepandan, ou ka **pa** an mezi pou ekzamine tout rejis yo. Travayè sosyal ou an kapab eksplike ou règ yo.

Lè ou ekri pou mande kopi dosye rejis ou ki nan òdinatè, Lwa sou Pwoteksyon Privasite Pèsonèl yo ekzije pou ajans Eta New York yo voye dosye ou yo ba ou; **oswa** di ou poukisa yo p'ap ba ou dosye ou yo; **oswa** di ou ke yo jwenn demann ou an, epi yo pral detèmine si ou gen pèmision pou resevwa dosye ou yo nan senk jou ouvrab ki vini apre lè ou yo resevwa lèt demann ou an.

### **YON APLIKAN/BENEFISYÈ SNAP GEN PLIZYÈ RESPONSABILITE:**

#### **Obligasyon travay pou aplikan ak benefisyè SNAP yo**

Amwenske yon moun dokimante nan yon fason ki satisfè egzijans distri sèvis sosyal la yo pou montre ke li egzan (li pa obligatwa pou l patisipe) nan egzijans travay SNAP yo (jan yo dekri anba la a), moun lan dwe:

- Aksepte yon pòs travay oswa yon referans pou yon pòs travay ki disponib;
- Pa kite yon travay oswa chwazi travay mwens pase 30 èdtan chak semèn san yo pa gen yon bon rezon;
- Bay enfòmasyon konsènan sityasyon travay yo ak disponiblite yo pou travay; ak
- Patisipe nan aktivite travay yo jan distrik sèvis sosyal la te etabli yo

Yon moun ap gen egzansyon nan egzijans travay SNAP yo si l bay dokiman ki satisfè fonksyonè distri sèvis sosyal la pou montre ke moun lan:

- Yon moun ki gen mwens pase 16 an, oswa 60 ane oswa ki pi plis.
- Andikape mantalman oswa fizikman, gen enkapasite oswa malad epi li pa ka angaje nan aktivite travay.
- Responsab pou swen yon timoun depandan ki anba laj 6 zan. Si w'ap patisipe nan yon eksperyans travay anba pwogram Asistans Tanporè ki finanse o nivo federal, egzansyon sa ki soti nan egzijans travay SNAP yo pa aplike.
- Sijè pou epi konfòme avèk yon egzijans travay ki anba pwogram Asistans Tanporè ki finanse o nivo federal.
- Responsab pou pran swen yon moun ki andikape.
- Yon aplikan oswa yon benefisyè Benefis Asirans pou Chomaj yo.
- Yon patisipan regilye nan yon pwogram tretman pou dwòg oswa alkòl.
- Yon elèv ki enskri omwen a tan pasyèl nan yon lekòl ki rekonèt, nan pwogram fòmasyon oswa enstitisyon edikasyon siperyè
- Anplwaye pou omwen 30 èdtan pa semèn oswa touche omwen ekivalan 30 fwa salè federal minimòm la pa semèn
- Yon aplikan pou Revni Sekirite Sipleman (SSI) ak avantaj SNAP yo anba dispozisyon pwosesis kolektif yo; oswa
- Yon moun ki gen laj 16 oswa 17 an ki pa chéf kay la oswa ki ale lekòl oubyen nan yon pwogram travay omwen a tan pasyèl

Si yon moun pa reyisi oswa si l refize konfòme avèk yon afektasyon travay SNAP yo ba li oswa si l kite yon travay, moun lan ka vin pa elijib ankò pou avantaj SNAP yo. Kantite tan ke moun lan p ap elijib pou avantaj SNAP yo depann de kantite fwa yo te bay moun lan sanksyon paske li pa te konfòm ak egzijans afektasyon travay yo.



## LI ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO ANBA LA A (*Kontinye*)

### Lòt Kondisyon Elijiblite Adisyonèl yo pou moun k ap resevwa SNAP yo epi ki se adilt ki pa enfim epi ki pa gen depandan (Able-Bodied Adults without Dependents, ABAWDs)

Yon moun ki egzije konfòme ak egzijans Travay SNAP yo dwe satisfè egzijans elijiblite adisyonèl SNAP yo amwenske moun lan:

- San kay;
- gen laj 24 tran oswa pi piti epi ki te nan swen adoptif nan 18èm anivèsè nesans yo;
- Yon moun ki gen mwens pase 18 an, oswa 53 an oswa ki pi plis;
- Ap viv nan yon kay ki gen SNAP ki gen yon manm ki gen pi piti pase 18 an;
- Yon Veteran;
- Yon benefisyè avantaj andikape ki soti nan yon sous piblik oswa prive, tankou avantaj pou andikape Eta New York yo;
- Ansent; oswa
- Yon moun ki pa kapab travay 80 èdtan pa mwa akòz limitasyon fizik oswa mantal.

**REMAKE:** *Se sèlman moun ki satisfè youn oswa plis nan kondisyon ki nan lis anwo a ki ka resevwa egzansyon pou egzijans ABAWD yo. Y ap toujou egzije lòt moun ABAWD ki nan fwaye SNAP yo pou yo konfòm ak egzijans ABAWD yo pou yo ka resevwa avantaj SNAP yo pandan plis pase 3 mwa nan yon peryòd 36 mwa.*

Moun ki pa resevwa egzansyon pou Egzijans Elijiblite Adisyonèl ki nan lis anwo a se ABAWD epi yo sèlman elijib pou yo resevwa avantaj SNAP pandan twa mwa nan yon peryòd 36 mwa amwenske moun sa a:

- Travay (ki enkli travay “similè” ak travay volontè) pou omwen 80 èdtan pa mwa;
- Patisipe nan yon pwogram travay ak fòmasyon pou veteran ke Depatman Travay (Department of Labor, DOL) oswa Depatman Afè Veteran (Department of Veterans Affairs) opere;
- Patisipe nan yon pwogram fòmasyon/travay kalifye ki apwouve pa distrik sèvis sosyal la pou omwen 80 èdtan pa mwa;
- Patisipe nan yon misyon Pwogram Eksperyans Travay (Work Experience Program, WEP) pou valè èdtan pa mwa ki egal a kantite avantaj SNAP fanmi yo a divize pa pi gwo salè minimòm federal oswa salè minimòm Eta a;
- Patisipe nan yon pwogram anba Lwa sou Opòtinite Envestisman Mendèv ki ka gen ladan l chèche travay, preparasyon pou travay, fòmasyon pou konpetans okipasyonèl ak aktivite edikasyon yo, oswa Lwa sou Komès ane 1974 lan pou omwen 80 èdtan pa mwa; oswa,
- Patisipe nan yon konbinezon travay oswa pwogram travay ki kalifye pou omwen 80 èdtan pa mwa.

**REMAKE:** *Egzijans ABAWD federal sa a yo ki nan lis anwo a aplike pou chak ABAWD ki nan fwaye SNAP la.*

Si ABAWD la ap satisfè egzijans yo ki nan lis anwo a, men li pa avize distri sèvis sosyal la, moun lan dwe kontakte distri sèvis sosyal la touswit epi bay dokiman patisipasyon yo pou anpeche l vin inelijib pou avantaj SNAP yo apre l fin resevwa avantaj SNAP yo pandan 3 mwa nan yon peryòd 36 mwa. Si ABAWD la p ap patisipe nan travay oswa nan aktivite kalifye yo pou omwen 80 èdtan pa mwa epi li vle resevwa avantaj SNAP yo apre delè 3 mwa limit lan epi li pa kapab sekirize yon travay peye pandan omwen 80 èdtan pa mwa, ABAWD la ta dwe kontakte distri sèvis sosyal la touswit pou diskite sou ki travay oswa pwogram travay ki disponib pou pèmèt ABAWD la ranpli kondisyon egzijans ABAWD federal pa yo a.

Anplis, ABAWD lan dwe bay dokiman ki montre patisipasyon li nan aktivite travay gratis yo chak mwa, epi rapòte bay distri sèvis sosyal yo nan espas 10 jou apre mwa a fini, si lè travay ABAWD yo pi piti pase 80 èdtan pa mwa. Si w pa reyisi konfòm avèk egzijans yo san yon rezon valab sa ka lakoz ABAWD la inelijib pou avantaj SNAP yo.

### REZON VALAB

Yon moun ka gen tou yon rezon valab te anpeche moun nan konfòme li ak kondisyon travay yo, travay oswa patisipe nan aktivite ABAWD kalifye pou omwen 80 èdtan nan mwa a. Yon rezon valab se yon evènman oswa sikonstans ki depase kontwòl yon moun ki anpeche moun sa ranpli kondisyon travay la enkli kondisyon ABAWD la pandan mwa a. Egzanp rezon valab yo ka gen ladan, men pa sèlman: yon maladi tanporè oswa yon ijans fwaye a genyen. Yon moun oblije bay prèv ki montre nenpòt rezon valab oswa egzansyon pou egzijans travay yo enkli règ travay ABAWD yo, lè distri sèvis sosyal la mande l. Prèv rezon valab la oswa egzansyon an ka gen ladan yon deklarasyon nan men yon pwofesyonèl medikal k ap bay moun lan swen.

Si yon moun kwè ke li gen rezon valab ki fè li pa ranpli kondisyon travay yo ki gen ladan kondisyon ABAWD yo oswa moun lan kwè ke li ta dwe gen egzansyon pou kondisyon yo paske li ranpli youn nan kondisyon yo te mansyone anwo a oswa li ap viv nan yon zòn ki gen yon egzansyon ABAWD ki apwouve, moun lan dwe kontakte distri sèvis sosyal la touswit epi bay dokiman sipò pou pwouve rezon an. Si yon ABAWD pa ranpli kondisyon ABAWD federal yo epi li pèdi elijiblite l pou SNAP akòz de sa, muon lan kapab resewa SNAP ankò, si li kalifye nan yon lòt fason, epi li dwe kontakte distri sèvis sosyal la touswit pou yo fè l konnen kisa li dwe fè pou li ka retounen jwenn kalifye pou SNAP ankò.

## LI ENFÒMASYON KI ENPÒTAN YO ANBA LA A (*Kontinye*)

### SI YO SISPÈK OU FÈ FWOD

Si ou vin konnen y'ap mennen ankèt sou ou paske travayè sosyal ou an panse ou pa't di laverite sou dosye ou an, ou ta dwe pale avèk yon avoka. Si yo akize ou kòm moun ki fè fwod nan asistans sosyal nan yon tribinal kriminel, si ou kalifye, tribinal la ap mete yon avoka ki pou reprezante ou gratis.

### RESPONSABLITE POU PRAN YON LÒT RANDEVOU POU YON ENTÈVYOU OU TE RATE:

Antan ke yon Aplikasyon/Benefisyè SNAP, ou gen responsablite pou pran yon lòt randevou pou yon entèvyou ou te rate anvan 30yèm jou ki vini apre dat ou te aplike a pou evite pèdi SNAP ou a.

### RESPONSABILITE POU BAY PRÈV

Lè ou ap aplike pou SNAP, y'ap mande ou pou ou bay prèv pou kèk bagay. Travayè sosyal ou an ap enfòme ou sou sa ki nesèsè. Dokiman ki obligatwa yo ka varye pou diferan pwogram asistans. Si distrik sèvis sosyal la deja gen prèv pou kèk bagay ki pa chanje tankou nimewo sekirite sosyal ou an, ou pa bezwen pwouve yo ankò.

Lè ou genyen prèv idantite ansanm ak lòt dokiman enpòtan yo lè ou aplike pou premye fwa pou asistans, ou ka an mezi pou resevwa èd pi bonè.

Si w'ap depoze dokiman yo nan biwo sèvis sosyal ou an, mande pou yo ba'w yon papye resi ki ta dwe gen ladan'l non distrik lan, non ou, dat la, lè a, lis chak dokiman espesifik ke w'ap depoze yo, ak non travayè a k'ap ba ou papye resi a.

Ou dwe bay prèv ke travayè w di ou ki obligatwa pou yo ka detèmine elijibilite w pou SNAP. Si w gen difikilte pou jwenn prèv ke ou mande a, fè travayè w la konnen sa.

### ENFÒMASYON SOU KALIFIKASYON POU MOUN KI ETRANJE YO

Anpil moun ki etranje se etranje kalifye ki elijib pou SNAP. Menm si ou pa kalifye, pitit ou yo ka ranpli kondisyon yo. SNAP pa dwe afekte sityasyon imigrasyon ou ki an rapò avèk desizyon USCIS konsènan zafè imigrasyon ou.

Ou ka kalifye pou Alokasyon SNAP si ou se yon sitwayen ameriken, yon resòtisan ameriken ki pa sitwayen (moun ki fèt nan American Samoa oswa Swain Island) oswa yon etranje kalifye. Yon etranje ki kalifye pou elijibilite SNAP se:

1. Yon Amerikoendyen ki fèt o Kanada avèk omwen 50 pousan san ras Amerikoendyen anba seksyon 289 Lwa sou Imigrasyon ak Nasyonalite (Immigration and Nationality Act, INA); oswa
2. Yon manm nan yon tripi endyen ki rekonèt o nivo federal anba seksyon 4(e) Lwa pou Asistans pou Edikasyon ak Otodetèminasyon Endyen; oswa
3. Yon etranje yo apwouve kòm yon Hmong oswa Highland Laotian, ansanm avèk madanm/mari (oswa madanm/mari ki pa retounen marye) ak timoun depandan li ki poko marye yo; oswa
4. Yon refijye yo admèt anba seksyon 207 INA; oswa
5. Yon etranje ki jwenn azil dapre seksyon 208 INA; oswa
6. Yon etranje ki gen depòtasyon li ki refize anba seksyon 243(h) INA, jan sa an vigè anvan 1 Avril 1997, oswa ekspilasyon ki refize anba seksyon 241(b)(3) INA; oswa
7. Yon etranje ki apwouve kòm yon Kiben oswa yon Ayisyen ki antre nan peyi nan seksyon 501(e) nan Lwa pou Asistans Edikasyon Refijye ane 1980 lan; oswa
8. Yon etranje ki se yon viktim trafik anba seksyon 103(8) Lwa pou Pwoteksyon Viktim Trafik ane 2000 lan, oswa
9. Yon etranje ki rezide legalman ki nan sèvis aktif nan Fòs Lame Amerikèn, yon veteran ki jwenn dechaj onorab ki pa yon dechaj poutèt sityasyon imigrasyon, madanm/mari li ak timoun depandan li yo ki poko marye yo, oswa madanm/mari li ki an vi e ki pa remarye; oswa
10. Yon etranje ke yo admèt kòm yon Amerikoazyatik; oswa
11. Yon etranje yo admèt legalman pou rezidans pèmanan anba INA, epi ki gen 5 an nan sityasyon sa; oswa
12. Yon etranje ki an libète kondisyonèl anba seksyon 212(d)(5) INA pou omwen 1 an, epi ki gen 5 an nan sityasyon an; oswa
13. Yon madanm/mari oswa yon timoun ki te sibi vyolans konjigal/familyal, paran yon timoun ki te sibi vyolans, oswa pitit yon paran ki te sibi vyolans konjigal, ki gen yon petisyon ki an atant oswa ki apwouve dapre 8 USC 1641(c) ki te antre anvan 22/8/96 oswa ki gen yon stati 5 an; oswa
14. Etranje yo ka kalifye tou pou SNAP si:
  - Yo te admèt yo legalman pou rezidans pèmanan epi yo vin genyen, oswa yo kapab jwenn kredi pou 40 trimès travay; oswa
  - Yo nan yon sityasyon kalifye ki endike anwo a, epi yo resevwa sèten avantaj pou andikap oswa poutèt yo avèg; oswa
  - Yo nan yon sityasyon kalifye ki endike anwo a, epi yo poko gen laj 18 tan; oswa
  - Yo legal nan peyi Etazini nan dat 22 out 1996, epi kounye a yo avèg oswa andikape oswa yo gen laj 60 ane oswa pi gran; oswa
  - Yo se sitwayen Irakyan oswa Afgan ke yo te bay stati imigrasyon espesyal anba seksyon 101(a)(27) nan INA oswa ki te jwenn antre kondisyonèl anba seksyon 203(a)(7) nan INA, jan sa an vigè anvan 1/4/80.